



Town of Name

Pou plis enfòmasyon, rele
555-555-5555, oswa vizite
ourwebsite@town.com

GWOUP FLÈ ALG

Alg ble-vèt (syonobakteri) pwodui yon fason natirèl nan dlo fre. Men li kapab multipliyè byen rapid anba kèk kondisyon, pou l kreye yon gwoup flè alg ki kapab danjere pou adilt, timoun ak bèt.

Efè sante yo kapab gen ladan sentòm nan estoma ak entesten, iritasyon sou po oswa nan je, ak pwoblèm respiratwa ki sanble ak asmatik.

KI JAN POU M KONNEN SI GEN YON GWOUP FLÈ ALG?

Dlo a pral parèt yon tikras san koulè, pa klè, oswa l sanble ak soup pwa oswa penti. Nòmalman dlo ble oswa vèt kapab mawon oswa wouj tou e li gen yon move sant. Chèche dechè oswa yon kouch sou sifas dlo a oswa bò rivaj la. Lè w gen dout, rete deyò.

Si w touche avèk yo ...

- Lave kò w avèk dlo tiyo oswa dlo boutèy. Rele doktè, enfimyè, oswa klinik sante medikal ou.
- Si bèt ou vale dlo ki kontamine, rele veterinè w.
- Si pwoblèm sante yo grav, kontakte pwofesyonèl sante lapoula.



Piblikasyon sa a te resevwa sipò Akò Kowoperatif sa yo: Preparasyon Ijans Sante Piblik (PHEP) Akò Kowoperatif ak Pwogram Preparasyon Lopital (HPP) Akò Kowoperatif, nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) e/oswa Administrasyon pou Preparasyon ak Reyaksyon Estratejik (ASPR). Matyè l yo se sèlman responsablite otè yo e yo pa nesèman reprezante vizyon ofisyèl CDC ak/oswa ASPR.

SOUS: Depatman Sante Piblik Massachusetts